



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI DEZIYEN YON PATI NAN SISTÈM OTOWOUT ETA NAN KONTE NASSAU A TANKOU "PONT KOMEMORATIF PONPYE/EMT MICHAEL J.FIELD"

Pon nan Corona Avenue nan Vil Hempstead pral renonmen pou onore Michael J. Field — yon ponpye/EMT ki te mouri apre li te trape COVID-19 nan yon pasyan li t ap transpòte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te adopte jodi a yon lwa (S.8637a/ A.10703) ki deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a nan Konte Nassau kòm "Pon Komemoratif Ponpye/EMT Michael J. Field". Nouvo lwa a onore Michael J. Field, yon manm Depatman Ensandi EMS Valley Stream depi 1987 ki te mouri nan laj 59 ane apre li te trape COVID-19 nan yon pasyan ke li t ap transpòte.

Anvan travay li nan Depatman Ensandi Valley Stream, Mesye Field se te yon teknisyen ijans medikal pou Depatman Ensandi nan Vil New York, kote li te ede nan repons dijans pandan ak apre atak teworis 11 septanm 2001 an.

Pati ki deziyen sou otowout la gen ladan Pon nan Corona Avenue nan Vil Hempstead ki travèse Southern State Parkway.

"Lavi Michael Field te defini nan sèvis piblik ak yon angajman dezenterese pou ede lòt yo, epi New York p ap janm bliye sakrifis li", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Ewoyis li te sove lavi epi te ede New York tounen bat COVID-19, epi tout fanmi New York dwe li gratitud etènèl nou ak remèsiman nou."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Premye entèvenan devwe tankou Michael Field yo te nan premye liy batay kont COVID-19 depi nan kòmansman, kote yo mete tèt yo a risk pou ede kenbe rès yo an sekirite. Depatman Transpò a gen onè pou fè pati omaj apwopriye ak Michael la, kote angajman ak devouman pou sèvis piblik ak kominote li se egzanp pi bon pati nan New York epi raple nou ke nou tout nan sityasyon sa ansanm".

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Michael Field te bay lavi li pou kominote nou an epi se te yon onè pou mwen sipòte pwojè lwa a ki gen non Pon Memoryal Michael Field sou Southern State Parkway nan Exit 15 nan memwa li. Mèsi ak Gouvènè Cuomo

dèske li te siyen pwojè lwa mwen an epi renonmen pon an, ede pote limyè sou pi gwo premye entèvenan nou yo, ak kreye yon senbòl enspirasyon pou jenerasyon alavni yo".

Manm Asanble Michaele Solages te deklare, "Kominote Valley Stream lan ap toujou rekonesan pou sèvis ak angajman ponpye Michael J. Field, epi poutèt sa, nou fyè pou nou onore memwa li nan komemore non li sou pon ki sitiye nan sòti Corona Avenue Southern State Parkway la. Michael kite yon eritaj devouman pou sèvis piblik. Plak sa a pral sèvi kòm yon rapèl enspirasyon pou jenerasyon alavni yo. Ke li repoze an pè".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)